Русское название брошюры - Как уберечься от шарлатанства и вреда шайтанов

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

## Дешхьалхе

Хастам бу Iаламан да волчу АллахIна! АллахIера салам-маршалла хуьлийла, Iаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а!

**Бусалба вежарий, йижарий!** Жинашца тайна бозбуунчалла лелош болчара нахана деш доккха зулам ду, вайн къомана беш боккха бохам бу. Наха хеттарш а до: «Жинийн хьу хуьлу бохург бакъ дуй-те? Бозбуунчалла, баккъалла а, наха лелош хIума дуй-те?» – бохуш. Цхьаболчара и дерриге аьттехьа ца дуьту, бакъ дац бохуш. Ларлуш хилалаш, бусалбанаш! Адам-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) заманахь дуьйна иблис бусалба нахаца тIом беш ду. Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) ма-аллара: «Иблисна вай дицлуш дац шуна, цо вайца беш болу тIом сацийна хан еана яц. Амма вай бицбо вайна дуьхьал цо беш болу тIом».

Оццул чIогIа, ницкъ болуш ду-те иблис, цуьнан эскар, бозбуунчалла лелош берш а? ШайтIанех, бозбуунчаллех вай муха лардала деза-те? Царна а, кхечу а хеттаршна жоьпаш луш, бусалба дино бозбуунчаллех дуьйцург хьахош, кечдина ду хIара жайна. Дика хууш верг Веза-Воккха АллахI ву. Махкахой, Дала тавфикъ лойла вайна дешнарг, хьехнарг бахьанехь иманехь нисдала!

## 1. Жинех дерг довзар, шайтIанийн зуламах ларвалар

### Жин бохург хIун ду?

«Жин» бохучу дешан маьIна – лечкъина, къайладаьлла, нилха хIума бохург ду. Ткъа бусалба Iилманан маттахь, жинаш – АллахIа кхоьллинчу кхаа Iаламах (адамийн а, маликийн а Iалам доцург) цхьа Iалам ду. Уьш кхоьллина хьекъал долуш, кхетам болуш, вайна шайн суьртехь гойла доцуш. Дала шайна магийна хIуманаш а, генадовла аьлла дихкинарг а ду царна билгалдина.

### Жинаш стенах кхоьллина?

Жинаш цIерах кхоьллина ду. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Жинаш кхоьллина цIеначу цIерах».** *«Ар-Рохьман», 15.*

### Адамех а, жинех а хьалха муьлханиг кхоьллина Дала?

Жинаш адамел хьалха кхоьллина. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Оха адам шерачу, бекачу поппарх кхоьллина. Цул хьалха жинаш кхоьллина Оха сирла йогучу цIерах».** *«Аль-Хьижр», 26-27.*

### Жин бохучу дешан маьIнаш муха ду Iарбийн маттахь?

Хьафиз ибн Iабдуль-Барра (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Iеламнаха жин масийтта кепе декъна:
– цхьана а хIуманца дозуш доцуш жин ша хьахош делахь, цунах «жинний» олу;
– адамашца дехаш долчух «Iáмир» олу, оьрсийн маттахь аьлча, «домовой» ду иза;
– нийсонна тIера дIадаьлла, АллахIна дуьхьалдаьллачу жинах «шайтIа» олу;
– гуттар чIагIделла Далла дуьхьалдаьллачух «Iифри́т» олу».

### Жинаш маса кепара ду?

Жинаш кхаа кепара ду. Уьш билгалдаьхна Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисо. Абу СаIлаба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

элира, аьлла: **«Жинаш кхаа кепара ду: хIаваэхь тIемадевлла лелаш дерш; текхарган, жIаьлин сибатахь дерш; цхьана меттахь Iаш-дехаш, дIасалелаш дерш а».** *ТIабарани, Хьаким, БайхIакъи.*

**Стенгахь деха жинаш?**

Ибн Таймийяс аьлла: «Жинаш деха йохийна лаьттачу гIишлош чохь, есачу аренашкахь, боьха мел йолчу меттигашкахь а, масала, хьаштагIа хуьлийла я кхелли хуьлийла иза. Иштта кешнаш а хьахийна жинаш дехачу меттигашна юкъахь. Цул сов, жинаш деха лаьттахь долчу Iуьргаш чохь, хиш тIехь а (хIорд хуьлийла и я кхин хи, Iам хуьлийла иза) деха уьш. IабдуллахI ибн Саржиса дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лаьттах даьккхинчу Iуьрга чу хьатI ма телийла аш цхьаммо а».** *Насаи.*

Къатадате хьаьттина наха, хIунда ца магадора цо и дан, аьлла. Цуо жоп делира: «И Iуьргаш – жинаш Iен меттигаш ю». Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ШайтIано шен кураллин гIант** (трон) **хина тIехула хIоттадо, тIаккха шен эскар нахана юкъахоьцу. Нахана юккъе доккха питана дожийнарг шен эскарехь шена уггар гергарниг лору шайтIано. Цуьнан цхьана эскархочо олу, ша цхьа хьенех Iехийна, тилийна, цо харцдерг** (шега цадогIург) **дийццалц, ца къаьстира ша цунах, аьлла. Иблисо олу: «ВаллахIи, ца дина ахь доккха хIума-м». ШолгIачу шайтIано олу, ша цхьа хьенех, шен доьзалх къастталц, ца витира, аьлла. Иблисо, шена герга а хилийна, цуьнга олу: «Ахь динчунна реза ду хьуна со».** *Муслим.*

**Адамийн цIенош чохь дехий жинаш?**

Абу Бакар ибн Iубайдас шен «ШайтIанан мекарлонаш» цIе йолчу жайни чохь Йазид ибн Джабиран хьадис далийна хIокху дешнашца: **«Бусалба нехан цхьа а цIа ма дац, цу цIенойн тховца Iаш бусалба жинаш доцуш. Цу наха дийнахь юург охьайиллича, жинаша, охьадуьссий, цу нахаца хIума юу. Суьйранна юург охьайиллича, юха а, охьадуьссий, цIийнан доьзалшца хIума юу цара. АллахIа оцу бусалба жинашца ларбо и нах».**

**ШайтӀано буьйса мичахь йоккху?**

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Вижинчуьра самаваьллачо, кхузза мерчу хи кхорзуш, шен мара цӀанбойла, адаман мера чохь йоккху шайтӀано буьйса».** *Бухари, Муслим.*

Къади Ӏияда (Дала къинхетам бойла цунах) элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьллачух ма-дарра кхета веза, хӀунда аьлча мара – адаман дегӀа тӀера дагна тӀе боьдучех цхьа некъ бу.

**Стенгахь дӀахӀоттайо шайтӀано шен тӀеман байракх?**

ШайтӀано шен тӀеман байракх дӀахӀоттайо базаршкахь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен асхьабех цхьаьнга весет деш, элира: **«Шаьш довла а довлуш, хьалха базар йолчу чу а ма гӀолаш я тӀаьххьара ара а ма довлалаш, базар шайтӀано тӀом бо меттиг ю шуна, цигахь цо тӀеман байракх ойуш ю».** *Муслим.*

**Даар-малар хуьлий шайтӀанийн?**

ШайтӀанийн даар-малар хуьлу. Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ламазан цӀанонна, ламаз эца оьшург йохьуш вогӀуш вара ша, аьлла. Цуо элира: **«Мила ву хьо?»** «Со ву», – элира Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна). Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТӀулгаш схьада цӀано ян, даьӀахк я кхелли ца йохьуш».** Шен бедарна юкъахь цунна тӀулгаш даьхьна кхуо. Схьавеача, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттина цуо: **«ДаьӀахк я кхелли хӀунда ца магийра ахь?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«И шиъ шайтӀанан даар ду. Суна тӀе даьхкира насыбин тайпанан жинаш, ма дика жинаш дара уьш. Соьга кхача бийхира цара. Ас Деле царна дийхира, уьш цхьаьна даьӀахкана а, кхеллина а тӀех ца довлийтар, царна цигахь кхача карош а бен».** *Бухари.*

Ӏумаран кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух**

**хIума юуш волчо аьтту куьйга юийла, хи молуш волчо а молийла аьтту куьйга. ШайтIано юуш, молуш аьрру куьг леладо шуна».** *Муслим.*

**Цхьаннан суьрт-сибате доьрзий-те шайтIа?**

Доьрзу. Нахана шайтIа шен бакъ суьртахь гуш дац. Ибн Таймийяс боху: «Жинаш адаман суьрте доьрзу, акхаройн, хьайбанийн куьца а довлу, текхарган, стулоцучу гезган а (скорпион), эмкалан, бежанан, уьстагIан, говран, бIарзан, виран, хьозанан а ... суьрташка а довлу». Хаттар дира цхьаммо: «ЖIаьлин суьрте доьрзий-те шайтIа?» – аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шух цхьаъ ламазна дIахIуттучу хенахь,** (тIекхочехь елахь) **цхьа хIума хIоттае хьалха. Нагахь хIотто хIума ца караяхь, шуна хьалхахула вир я зуда, я Iаьржа жIаьла далахь, ламазах вохаво цара».** Ас хаьттира: «ХIай Абу Зарр, Iаьржа жIаьла хIунда къастийна, цIениг я можаниг ца хьахош?» Цуо элира соьга: «ХIай сан вешин кIант, ас иза Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира, ахьа соьга ма-хаттара. Цуо соьга элира: **«Iаьржа жIаьла шайтIа ду».**

**Адамана шайтIа шен бакъдолчу суьртахь ган йиш юй?**

ШайтIа шен бакъдолчу суьртахь адамана ца го. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху Шен Къуръана чохь: **«Баккъалла а, цунна** (шайтIанна) **гуш ду шу – цунна а, цуьнан тайпанна а, шуна уьш ца гучу агIор».** *«Аль-АIраф», 27.* Делахь а адамашна уьш кхечу суьртахь го, хьалха вай хьаха ма-дарра. Кхечу суьртахь уьш жимло, гуш дукха ца Iа, шайна цхьа бохам хиларна кхоьруш.

**Жинаш стен, боьрша хуьлий те?**

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ша хьаштагIа чу воьдуш олура, аьлла: **«Алло́хIумма инни́ аIу́зу бика миналь-хубуси валь-хаба́иси** (Я АллахI, Хьоьга сой Iалашвар доьху аса стечу а, боьршачу а жинех)**».** *Бухари, Муслим.*

**Жинийн Iакъидат, дин хIун ду?**

Адамийн, жинийн Іаламех цхьа дакъа ду жинаш. Къуръано, Суннато ма-баххара, Дала царна тІедеххкина омранаш ду. Цундела царна юкъахь бусалба дерш ду, бусалбаналлех дІатилларш ду, диканиш ду, галдевлларш ду. Царах лаьцна Веза-Сийлахьчу АллахІа боху Къуръана чохь: **«Баккъалла а, тхуна юкъахь диканиш ду, иштта доцурш а ду, тхо екъаеллачу тобанашкахь ду»**. *«Аль-Жинн», 11*. Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: «Оцу аятехь, «екъаелла тобанаш», бохург – царна юкъахь бусалба жинаш а, копар шайтІанаш а хилар билгалдаккхар ду».

Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Баккъалла а, тхуна юкъахь бусалбанаш ду, нийсачу некъах дІахьаьвзинарш ду. Ийман диллинарш нийсачу новкъа дирзина ду, ткъа нийсачу некъах дІахьаьвзинарш – жоьжахатин цІарна дечиг ду».** *«Аль-Жинн», 14-15.*

**Бусалба жин – ялсамане, копар жин – жоьжахате дохуьйтур дуй?**

Дохуьйтур ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Шайн Далла хьалха дІахІиттарх кхоьручарна кечйина ши беш ю. Ткъа Делан муьлха дика харцдо аш шинхьарчара?»** *«Ар-Рохьман», 46-47*. Кхузахь Дала къамел жинашка а, адамашка а деш ду.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: «Жинаша: «Ткъа Делан муьлха дика харцдо аш шинхьарчара?» – боху Къуръанан аят шайна дешча, олуш хиллера: «ХІай АллахІ, Хьан диканех цхьа а хІума харц ца до оха, хастам бу Хьуна, хІай АллахІ!» Амма копар жинаш жоьжахате гІур ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Ткъа нийсачу некъах дІахьаьвзинарш – жоьжахатин цІарна дечиг ду».** *«Аль-Жинн», 15.*

**Жин** (Далла гергахь) **адамал дика, сийлахь дуй?**

Абу Бакар Джабир Джазаирис шен «Муъминан Іакъидат» жайнахь боху: «Жинаш, мел диканиш а, Далла гергахь шайн ларамца, сийлаллийца адамал лахара ду. Дала адамийн ларам бар сецна чІагІдина ду Къуръанан «Исраъ» сурата чохь: Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Адаман бераш даздира Оха, аренгахь а, хІорда тІехь а уьш дІасхьакхийхьира Оха. ЦІена долчух царна рицкъа а делира Оха, Тхаьш кхоьллинчу дуккха а халкъал уьш базбира Оха».** *«Аль-Исраъ», 70.*

**Жинашна юкъахь маренаш хуьлий, церан доьзал кхуьий?**

Маренаш хуьлу, доьзал кхуьу церан. Іеламнаха боху, Къурьанан хІокху аято: **«Шен меттана шайна накъостий, гІоьнчий а и шайтІа, цуьнан доьзал лаца дохку шу?»** – билгалдоккху, жинаша доьзалш кхиорхьама шайн маренаш деш хилар. Ибн Таймийяс боху, адамашна юкъахь санна, жинашна юкъахь а хуьлу маренаш а, доьзал кхиар а.

**Садолчу хІуманашна ган йиш юй шайтІа?**

Ган йиш ю. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шайна вир Іаьхаш хазахь, «аІу́зу билла́хІи минашшайтІо́ниррожи́м** (Ас ларвар доьху АллахІе, Цо Шен къинхетамах генадаьккхинчу шайтІанах)**» олийла аш, шена шайтІа гича, Іаьха шуна вир. БоргІал** (нІаьна) **кхойкхуш хазахь, Деле шайна диканиг деха, цунна малик гина».** *Бухари, Муслим.*

Джабирера (Дела реза хуьлийла цунна) деана хІара хьадис: **«Буьйсанна шайна жІаьлийн летар а,варрийн Іехар хазахь, «аІу́зу билла́хІи минашшайтІо́ниррожи́м» олийла аш, жІаьлешна, варрашна шуна ца гуш дерг го».** *Ахьмад, Абу Давуд.* Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Эмкал шайтІанех кхоьллина ю. Массо эмкална тІехь шайтІа ду».**

**ШайтІанаш леш дуй?**

ШайтІанаш леш ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Оцу** (лаьтта) **тІехь мел верг дІавер** (лийр) **волуш ву, вуьсур верг Ву хьан Дела, возаллин-сийлаллин да Волу».** *«Ар-Рохьман», 26-27.*

**Жинийн бІаьрг хуьлий адамана?**

Умму Саламас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шайга еанчу лулахочун юьхьа тІехь хІост (клеймо) гира, аьлла. Цо элира: **«Дарба леладе цунна** (Къурьан доьшуш)**, шайтІанан бІаьрг хилла ю иза».** *Бухари.*

**Маца арадовлу шайтӀанаш?**

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Буьйса тӀейогӀучу хенахь шайн бераш чохь совцаде, бода булучу хенахь шайтӀанаш арадовлу. Бода къовлабелла буьйса йоьллачул тӀаьхьа, уьш шайн гӀуллакхашна паргӀат дита, шайн неӀарш дӀакъовла, АллахӀан цӀе а йоккхуш** (бисмилла́хӀиррохьма́ниррохьи́м а олуш)**. Иштта дӀакъевлина неӀ шайтӀане елла ца ло, чохь хи долчу цӀоканан тӀоьрмигийн бертигаш дӀаехка, пхьегӀаш тӀе хӀума а таса, АллахӀан цӀе а йоккхуш** (бисмилла́хӀиррохьма́ниррохьи́м а олуш)**; уьш кхоччуш дӀа ца къовлалахь а хӀумма дац; чиркхаш дӀадайа».** *Бухари, Муслим.*

**Жинашна Делан къайле хаа йиш юй?**

Къайле АллахӀна бен хаа йиш йолуш яц. Цо Шена луучу дикачу нахана Шен къайленех цхьадолу хӀума гучудоккхур ду. Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«Иза** (АллахӀ) **ву къайленаш хууш верг; Цо ца кхиаво Шен къайленна тӀе цхьа а, Ша реза волу элча воцург. Баккъалла а, Цо хӀоттадо цуьнан хьалхахула а, тӀаьхьахула а** (иза Ӏалашвеш маликийн) **гӀарол. Ша тӀедиллинарг цара** (пайхамарша) **дӀакхачийнийла Шена хаархьама. Цаьргахь дерг кхоччуш хууш ву Иза, хӀора хӀума дагардина Цо барамца».** *«Аль-Жинн», 26-28.*

Кхечу аятехь боху Веза-Сийлахьчу АллахӀа: **«Оха цунна вала язйинчу хенахь, цуна валаран тӀе уьш нис ца бира цуьнан Ӏаса йиъначу лаьттан дийнато бен. Иза охьавоьжначу заман чохь жинашна билгалделира, шайна къайле хууш хиллехьара, шаьш хӀара сийсаза Ӏазап хьоьгур дацарий».** *«Сабаъ», 14.*

Сулайман-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) шен Ӏасанна тӀетевжина ирахь (воллуш) веллий ца хиъна жинашна. Иза шайга хьоьжуш ву моьттуш, дехха цунна децаш Ӏийна уьш. ТӀаьххьара а, нӀаьнаша Ӏаса йиъна иза охьавоьжча хиъна царна иза веллий.

**ШайтӀане урхалла далой ийман долчу адамана тӀехь?**

Цунна жоп ду Веза-Сийлахьчу АллахIа бохург: **«Баккъалла а, Сан лешна тIехь урхалла дийр ма дац ахь, хьайна тIаьхьахIиттинчу тилабеллачарна тIехь бен».** *«Аль-Хьижр», 42.*

**Адамех муьлш бу шайтIанан эскархой?**

Уьш бу цу шайтIанашна тIетевжинарш, царах шайна накъостий лецнарш. Уьш Делан а, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мостагIий бу, АллахIан, Цуьнан Элчанан некъах дIатилла, Делан некъах нах юхабетташ, и некъ галбаккха гIерташ берш а.

**МуIжизаташ хир дуй жинашкахь?**

МуIжизат – пайхамаршка, элчанашка а (Делера салам-маршалла хуьлийла царна), уьш бакъ пайхамарш хиларх нах тешо, Дала елла цхьацца билгалонаш ю, адамийн Iадатехь лелла а йоцуш. Масала, ИбрахIим (Делера салам хуьлийла цунна) шен мостагIаша цIера юкъа кхоьссича, цу цIергахь иза цавагар; Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) велла стаг денвар; Мухьаммад-пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Дала доссийна Сийдолу Къуръан. МуIжизаташ жинашкахь хир дац.

**Жинийн гIоьнца вуонех ларвала, царна тIетовжа мегар дуй?**

Мегар дац. Веза-Сийлахьчу Дала Шен Къуръана чохь боху: **«Баккъалла а, адамех цхьаболу божарий бара жинашка шаьш ларбар доьхуш, ткъа цара уьш совбехира** (шайх) **озабаларехь».** *«Аль-Жинн», 6.* Ибн Касиран тафсирехь деана Iикримата аьлларг: «Жинаш, адамаш вовшех кхоьруш хилла, жинаш алсам кхоьруш. Адам аренца садаIа сецча, шайтIа цигара додуш хилла. Нахана хьалхаваьллачу стага: «ХIокху меттиган охIланан эланца массо вуонех ларло тхо», – олуш хилла. ТIаккха жинаша олуш хилла: «Схьагарехь, хIара адамаш вайх кхоьруш ду, вай царах кхоьруш санна». Цул тIаьхьа, адамашна улло догIий, уьш хьекъалх тилош, хьерадохуш хилла цара.

Жинийн гIоьнца ларвалар, царна тIетовжар а – Делаца накъост вар ду. Хьаки́ман йоIа Хавлата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьана**

**хIусаме воьссина, тIаккха аьлларг: «АIу́зу бикалима́тилла́хIит-та́мма́ти мин шарри ма́ холакъа** (Ас сой ларвар доьху АллахIан дуьззина долчу дешнашца, Цо мел кхоьллина долчу хIуманийн вуонах)», цунна цхьанне а хIумано зен дийр дац иза оцу меттера дIаваххалц**».** *Муслим.*

**Жинашка гIо деха, цаьрга кхайкха мегар дуй?**

Оцу хеттаршна жоьпаш далале тергам бан безаш цхьацца хIуманаш ду:
– Адамана жин шен бакъ суьртахь гуш дац;
– Бозбуунчалла лелош волчунна нахаца долу цхьадолу хIуманаш хааран некъ, цо шена гIуллакх деш, дацош долчу жинашка кхайкхар, цаьрга гIо дехар а бу;
– Жино цу бозбуунчалла лелош волчунна (сахьирна) бехкамаш (условеш) бохку: ша хьуна децар ду, нагахь санна ахь, хьайна хуушшехь, Далла куфр дахь а, Iеса хилла вахахь а, даккхий къинош летадахь а…

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIума хаьа бохучу стагана я палтуьйсучунна тIе а вахана, цара дуьйцург бакъдинарг, Дала Мухьаммаде** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **доссийначунна куфр динарг ву».** *Муслим.*

Цундела цхьана а хьолехь жинашка гIо деха, цаьрга кхайкха мегар дац. Масала, бозбуунчалла лелийна цомгаш волчу стагана хьо дарба лело воьлча, цу стеган маттаца цунна чохь долу жин дистхила тарло хьоьга, ша бусалба жин ду, шен цIе ишта ю, хIокхунна хIуманаш лелийнарг кхуьнан зуда ю я стуннана ю (я кхин цIерш яьхна), хIуманаш цIийнан неIсагIина бухахь ю, аьлла… Амма ларлолахь, сан ваша, цу жино дуьйцург, цхьадерг бен, бакъ ца хила мега! Ша бусалба доцушшехь, бусалба ду ала тарло хьоьга цо, бозбуунчалла (сихьр) лелош лаьттах я цIийнах йоьллина хIума билгалъяккха мега цо. Амма сихьр лелийначу стеган цIе шена хуушшехь, цу жино и харц яьккхина, адамашна юкъа питанаш дожийна меттигаш ю хьуна.

Жинашка гIо деха, цаьрга кхайкха а мегаш хилча, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхайкхина хир вара цаьрга ша Маккин элашна, жуьгташна а дуьхьал динчу гIазоташкахь. Жинашка гIо деха, цаьрга кхайкха шайна магош цхьа «дарбанчаш» бу. Цара боху, Сулайман-пайхамара

(Делера салам хуьлийла цунна) дацош, цунна гIо деш хилла жинаш, ткъа шаьш цаьрга гIо дехар – цу пайхамара лелийначунна тIаьхьадазар ду. Цунна жоп хIара ду. Жинаш дацор Сулайман-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) АллахIе дехна а, Дала цунна деллачу муIжизатех цхьа Iаламат ду. И муIжизаташ Дала Шен элчанашна, пайхамаршна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цаьрна), уьш чIагIбеш, царна гIо деш луш ду. Уьш боцчарна цхьанне а луш дац.

**ШайтIано адамашна тIехь хIун Iалашонаш кхочушйо?**

Ягарйийр ю вай и Iалашонаш:

**1. Iаламаш Кхоьллинарг, шена Iибадат дан хьакъверг цхьа АллахI бен цахиларна стаг шеконе вахийтар;**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьаъ волчу шайтIа догIур ду, хаттарш деш: «ХIара хьан кхоьллина? Иза хьан кхоьллина?» ТIаьххьара а: «Хьан Дела хьан кхоьллина?» – аьлла, хоттур ду. Цу хаттарна шайтIа тIекхаьчначохь, ахь «аIу́зу билла́хIи минашшайтIо́нирроҗи́м» ала, шайтIа дIадер ду хьуна гергара».** *Бухари, Муслим.*

**2. АллахIан нийсачу некъара бусалба стаг вохор;**

Хастам хиларо боху Шен Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Цо** (иблисо) **элира: «Ахьа со тилорна, Хьан нийсачу некъах** (Адам а, цуьнан зуьрет а тило) **царна кIелонна хуур ма ду со».** *«Аль-АIраф», 16.*

**3. Къеллица кхерам тийсар, боьха, оьзда мел доцчу хIуманна тIетеIор а;**

Веза-Сийлахьчу Дала билгалдаьккхина вайна и Шен Сийлахьчу Къуръана чохь: **«ШайтIано къеллица кхерамаш туьйсу шуна, вочуьнца омра а до шуьга, ткъа АллахIа Шегара гечдар а, комаьршо а хиларца чIагIо йо шуна».** *«Аль-Бакъарат», 268.*

**4. Адамашка, Дела вицвойтуш, шайтIанашна Iибадат дайтар;**

Массо кхачамбацарех цIена волчу АллахIа Ша даздина дайтинчу Къуръана чохь боху: **«Цу дийнахь Цо** (АллахIа) **гулбийр бу уьш берриге, тIаккха эр ду маликашка: «ХIорш барий шуна Iибадат деш?» Цара эр ду: «ЦIена ву Хьо массо кхачамбацарех, Хьо ма ву тхан Эла, уьш боцуш! Уьш жинашна Iибадат деш ма бара, цу жинех тешаш ма бара царах дукхахберш».** *«Сабаъ», 40-41.*

**5. Нахана юкъахь питанаш даржор;**

Абу Муса АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) далийна хIара хьадис: **«Ша Iуьйренга даьлча иблисо лаьттан букъа тIе даржадо шен эскар, бусалба стаг хьан тилаво аш, олий. Цхьаммо олу, ша хьенехана тIаьхьара ца делира, цо шен зуда йитталц. Иблисо и дукха хаста ца деш, цу стага кхин зуда ялор ю аьлла шек ду ша, олу. Кхечо олу, ша цхьана хьенехана тIаьхьара ца долуш хьийзира, цо къаьркъа маллалц. Иблисо хастадо иза. КхоалгIачо олу, ша цхьана хьенехе зина дайтира. Хьо ду диканиг, олу иблисо. Кхин цхьаъ догIу хаам бохьуш, ша цхьаьнга стаг вейтина, аьлла. Хьо ду хьуна шена гергахь уггар диканиг аьлла, хастадо иза иблисо».** *Хьаким.*

**6. Адамашна юкъахь Iаьржа ун даржор;**

Айюб-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна) кхетта цамгар жинашкара хилла ю. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Тхан лай, Айюб, дагаваийта шайна, цо кхайкхира шен Деле: «Баккъалла а, со схьалаьцна шайтIано халонца а, Iазапца а».** *«Сод», 41.*

**7. Адам талхор, галдаккхар;**

Ибн Таймийяс яздина, жинаш хилар сецна бакъдина ду Къуръанций, Суннатций, хьалха дIабаханчу умматан Iеламнехан хиллачу бартаций, аьлла. Иштта Iеламнехан бартаца сецна бакъдина ду, жин адаман дегIах дуолар а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, шайтIа адаман цIий лелачухула лелаш ду».** *Бухари, Муслим.*

**8. Адаман кIесаркIога тIехь шеддаш дар;**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ШайтIано шух**

**цхьанна кIесаркIога тIехь, иза наб еш волуш, кхоъ шад бо, хIора шад тIе олу цо: «Хьуна тIехь еха буьйса ю, дIавижалахь!» Иза сама ваьлча, цо АллахIан цIе а яьккхича, цхьа шад дIабастало, цо ламаз эцча шолгIаниг а бастало, цо ламаз дича кхоалгIаниг дIабастало. ТIаккха иза Iуьйренга волу тIахъаьлла, са цIена долуш а, цо и ца дахь са боьха долуш, мало еш а хуьлу иза».** *Бухари, Муслим.*

**9. Iуьйранна малх хьалабаллалц вижина Iуьллучунна лерга хьатI телар;**

IабдуллахI ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчохь цхьа стаг хьахавелира, буса дIавижча Iуьйра ламазна хьала ца гIоттуш (малх хьалабаллалц) Iийра иза, аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цу стеган лерга шайтIано хьатI телла».** *Бухари, Муслим.*

**10. Бусалба стеган наб йохор а, цуьнга нахаца хьагI-бода лецийтар а;**

Абу ХIурайратера (Дела реза хуьлийла цунна) деана хIара хьадис: **«ГIан кхаа кепара хуьлу. Кхаъ бохьу гIан Делера ду; сингаттаме, ирча, вуон гIан – шайтIанера ду; адамана шех лаьцна гина гIан а. Нагахь санна шух цхьанна шена ца деза гIан гахь, хьала а гIаттий, суннат ламаз де, и гIан нахе ма дийца».** *Бухари, Муслим.*

Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дика гIан** (кхечу ривайатехь ду: хаза гIан) **– АллахIера ду, вуон гIан шайтIанера ду. Шена ца дезаш долу хIума гIенах гиначо шен аьрру агIор кхузза туй тосийла, Деле ша шайтIанах ларвар а доьхийла, баккъалла а, цо цунна зен дийр дац».** *Бухари, Муслим.*

Джáбира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьанна шена ца дезаш долу гIан гича, шен аьрру агIор кхузза туй тосийла цо, Деле ша шайтIанах ларвар доьхийла цо кхузза, ша тIехь волу агIо а хорцийла цо».** *Муслим.*

**11. Стаг хIуманна вицвалийтар;**

Везчу Дала Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) накъостан (ЮшаIан) маттехула, Шен Сийлахьчу Къуръана чохь боху: **«Суна и чIара бицбелира, и суна биц ма ца балийтина шайтIано бен».** *«Аль-КахIф», 63.* Ша хIуманна вицвеллачо Дела хьахо веза. Къинхетамечо ма боху вайга: **«Хьо хIуманна вицлахь, хьайн Дела хьахавелахь».** *«Аль-КахIф», 24.*

**12. Ламаза тIехь волчунна новкъарло яр;**

Абу Iала́а дийцина, Iусмана ибн Абу аль-Iаса (Дела реза хуьлийла цунна) Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а вахана, элира, аьлла: **«ШайтIа доьллер-кх шена а, ша дечу ламазна а юкъа, ша ламаз тIехь доьшург ца къастуьйтуш».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза Хинзаб цIе йолу шайтIа ду, шайна иза хаалахь, «аIу́зу билла́хIи минашшайтIо́нирроржи́м» алий, кхузза аьрру агIорхьа туй таса».** Iусмана элира: **«Ша шега де аьлларг дира, Дала шена и шайтIа генадаьккхира».** *Муслим.*

**13. Горгалин зов, зурманан гIовгIа шайтIанера ю;**

Оцу хьокъехь Абу ХIурайрата дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Маликаш догIур дац жIаьла долчу метте я горгалин зов, зурманан гIовгIа йолчу метте».** *Муслим.*

**14. ШайтIано** (делархьама) **адаме бага гIеттаяйтар;**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахIна дезаш ду хьоршам тохар, Цунна ца деза бага гIеттор. Шух цхьамма хьоршам а тоьхна, Веза-Сийлахьчу АллахIна хастам бича, иза хезначу хIора бусалба стагана тIехь декхар хуьлу цуьнга алар: «Йархьамукалло́хI** (АллахIа къинхетам бойла хьоьх)**». Амма бага гIеттор – иза шайтIанера ду. Шух цхьамма бага гIаттийча, шен ницкъ ма кхоччу иза сацо хьожийла иза, баккъалла а, шух цхьамма бага гIаттийча, шайтIа доьлу цунах».** *Бухари, Муслим.*

Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух**

**цхьамма бага гIатточу хенахь, цо шен куьйгаца батт дIакъовлийла, баккъалла а, шайтIа долу цунна чу».** *Муслим.*

**15. ЦIенош даго бахьана даккхар;**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шаьш охьадуьйшуш, чиркхаш дIадайа; шайтIано, богучу чиркха тIе дахка бигна, шун цIийнах цIе тосур ю».** *Абу Давуд.* Вайн заман чохь, газ чухула лела шланг дехко хадийна, цIе яьлла, доьзалш белла меттигаш ю.

**16. Лечу сохьтехь стаг дIасаветтар;**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) доIа деш хилла, ша лечу сохьтехь шайтIане ша дIасацаветтийтар доьхуш.

**Муьлхачу рогIаллехь бо шайтIано адам тилоран болх?**

1. Уггар хьалха шайтIа адаме куфр дайта хьожу.
2. Цунах гIуллакх ца хилча, шариIатехь бух боцу хIуманаш бусалба динна юкъа даржадайта хьожу иза.
3. Цунах а ша догдиллича, адаме даккхий къинош летадайтаран болх болабо (стаг вер, зина дар, риба (процент) яар).
4. Цу тIехь ша ца ларийча, стаге кегий къинош летадайта хьожу, къинош дуккха гулделча, хIаллакьхир ву и стаг, олий.
5. Цу тIехь ша эшча, и стаг цхьа а мела я къа доцчу гIуллакхашна тIеверзо хьожу шайтIа.
6. Шен и дайта аьтто ца баьлча, адаме шена пайде, беркате долу хIума дIа а тасийтина, беркат кIеззиг долу гIуллакхаш дайта хьожу иза.

**Делан лай муьлхачу некъашкахула тилаво шайтIано?**

**1. Харцо хазъеш, иза дикачу суьртахь гайтарца;**

Ибн Къаййима аьлла: «ШайтIано адамна зене долу хIума пайде ду моттуьйту, цунна пайден долчу хIуманах генавоккху стаг, и зене ду моттуьйтий».

**2. Дала хьарам динчу хIуманашна тамехь цIерш тахкарца;**

Масала, къаьркъанах «самукъадаларан нана» олу. Везчу Дала Шегара, Шен Элчанера а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIом кхайкхийна долу рибах (процент) – пайда (прибыль) олу. Оьзда доцу духар шена тIехь долчу зудчух – бахаман лекхарчу тIегIане кхаьчна (цивилизованная, современная) олу.

**3. Дела резаван ечу Iамалшна товшйоцу цIерш тахкарца;**

Масала, бусалба нахах, хьекъалх бевлла нах, алар. Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийлахьчу Къуръанехь: **«Цаьрга аьлча: «Ийман дилла, наха ийман дилларх терра», – цара олу: «Оха ийман дуьллур дара, ткъа, сонта наха ийман дилларх терра?!» Баккъалла а, уьш ма бу сонта берш, амма царна ца хаьа иза».** *«Аль-Бакъарат», 13.*

ШариIатан духар духуш, наггахь бен арахула йолаялар цахуьлучу зудчух «дIайоьллина зуда» алар. Ламаз даро адаман хан эрна йойу бахар. Марха кхабаро белхан жигаралла лахйо бахар.

**4. Адамана массо агIор гуобилларца;**

Веза-Сийлахьчу Дала боху шайтIано дечух лаьцна: **«Цул тIаьхьа догIур ма ду со царна хьалхахула, тIехьахула, бакъахьахула, харцахьахула а, царах дукххаберш карор ма бац Хьуна шукра деш».** *«Аль-АIраф», 17.*

**5. Нахана харц хьехамаш барца;**

Адам-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна), Хьавана а иблисо шен харц хьехамаш бар дуьйцу Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен Сийлахьчу Къуръана чохь: **«И шиъ Iехо гIоьртира шайтIа, цаьршиннах хьулйина йолу церан эхье меттигаш цаьршинна гучуяхархьама. Цо** (харцлуьйш) **элира: «Дала шуьшинга оцу диттана герга ма гIо аьлла ма дац, шух маликаш ца хилийта я цкъа ца леш шу ца дахийта а бен». Цо цаьршинна** (къера) **дуй биира: «Баккъалла а, со шуьшинна** (дика лууш) **хьехам бечарах ма ду».** *«Аль-АIраф», 20-21.*

**6. Адамашка шайтIанан гергарчу нахера гIо лахийтарца;**

Веза-Сийлахьчу Дала боху Шен Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Баккъалла а, шайтIанаша дагатуьйсу шайн гергарчарна** (керста нахана), **цаьрга шуьца къийсийтархьама. Нагахь санна шу царна муьтIахь хилахь – шу хир ма ду Делаца накъост лаьцнарш».** *«Аль-АнIам», 121.*

**Адам муьлхачу хьолехь долуш цуьнан дог а, хьекъал а дIалоцу шайтIано?**

Адаман дог, хьекъал шайтIано дIалоцу иза кху хьелашкахь долчу хенахь:

**1. Стаг дин девзаш вацахь;**

Хьанал-хьарам ца къасталуш, дика-вон билгал ца далуш волу стаг шайтIано дукха атта верзаво шен кара. Халил ибн Ахьмада боху, адамаш деа тайпане декъало:
а) Шайгахь Iилма а долуш, и дуй шайна хууш берш. Цаьрга хатта деза наха шайна цахуург.
б) Шайгахь Iилма долуш, иза шайгахь дуьйла цахуурш. Шайна хуург дицделла хиларна, и дагадаийта деза царна.
в) Шайгахь Iилма доцуш, и шайгахь доцийла хууш берш. Иштташарна Iилма хьеха деза.
г) Хууш хIума доцуш, шайгахь Iилма доций цахуурш. Уьш жехIил нах бу. Оцу тайпана нах шайна генабаха беза.

**2. Стаг оьгIазваханчу заман чохь;**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Весет дехьа соьга** (суна пайда бийр болчу Iамална тIе нисвехьа со)**».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ОьгIазло гучу ма яккха».** Цу стага юх-юха а бехира цуьнга, амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга (хIоразза а) элира: **«ОьгIазло гучу ма яккха».** *Бухари.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьехна вайна оьгIазваханчо дан дезарг:

а) «АӀýзу билла́хӀи минашшайтӀóнирроҗи́м» алар;
б) И аьлча а, оьгӀазло дӀа ца ялахь, охьахаар;
в) ДӀатовжар;
г) Ламаз эцар.

**3. Дуьне дукхадезаш велахь;**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«…Дуьненан дахар ма дац, Ӏехош долу зовкх хьегар а бен».** *«Аль-Хьадид», 20.*

Ӏавфан кӀанта Ӏамра аль-Ансарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Жаррахьан кӀант Абу Ӏубайда (Дела реза хуьлийла цунна) Бахьрайне ясакх (подушная подать) схьаян вахийтира, аьлла. Бахьрайнера даьхни дохьуш схьакхечира иза. Ансарашна хезира, Абу Ӏубайда цӀа кхаьчна аьлла, тӀаккха уьш баьхкира Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Ӏуьйра ламаз дан. Ламаз дина ваьлча, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дӀаваха вуьйлира, ткъа уьш цунна тӀебахара. Шена уьш гинчу хенахь, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) велакъежира, цул тӀаьхьа цо элира: **«Абу Ӏубайда Бахьрайнера цхьа хӀума дохьуш цӀакхаьчна аьлла, шуна хезна моьтту суна?»** Цара элира: **«ХӀаъ, хӀай Делан Элча».** ТӀаккха цо элира: **«Кхаъ хуьлда шуна, догдаха аш шайна хазахетар дийр долчуьнга. АллахӀах дуй буу ас, шуна тӀе къелла ярна ца кхоьру со, бакъду, со кхоьрург – шуна дуьне тодалар ду, шул хьалха хиллачарна тодаларх терра, аш иза къийса а къуьйсуш - цара къийсарх терра, цо шу хӀаллак а деш - уьш хӀаллакбарх терра».** *Бухари, Муслим.*

**4. «ХӀинца-тӀаккха» бохуш, дан дезарг дӀатоьттуш велахь;**

Масала: «Хьенех, ламаз доладехьа» – аьлча: «Зуда а ялийна, керлачу цӀа чу ваьлча долор ду», – жоп ло цуо. «Къаьркъа дита», – аьлла, дехар дича, ша хӀинца а жима ву, 40 шо кхаьчча дуьтур ду ша, олу шолгӀачо. Хаалахь, Дала хьайх къинхетам барг, ахь и белхаш дӀатеттар шайтӀанера ду хьуна. Хьуна ма ца хаьа, хьуо маца лийр ву. Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен белшаш тӀера ша схьа а лоцуш, элира, аьлла: **«Кху дуьнен тӀехь нехан махкахо санна я некъ хадош тӀехволург санна хилалахь».** Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) олуш хилла: **«Хьой суьйренга**

**ваьлча, Іуьйрене ма хьежалахь; хьой Іуьйренга ваьлча, суьйрене ла ма дегІалахь; хьайн могашалла Іибадатна хьовзаелахь, цамгаро хьой дІалацале; хьайна чохь са мел ду, валарна кечам а белахь».** *Бухари.*

**5. Дечу гІуллакхна сихлуш велахь;**

ШайтІано адам хІума дан сихдо, цуьнан даг чу хІара ойла тосий: **«ХІокху балхана ахь сихо йича, кхидолчу гІуллакхашна маьршавер ма вара хьо, катоххий лела!»** Имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) цунах лаьцна аьлла: **«КІезиг елахь а, кхоччуш йина Іамал гІоли ю, сакхташца йолуш алссам йинчул а».**

**6. Сутара велахь;**

Маликан кІанта КаІба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Жена юккъе хецна йолу меца ши борз тІех бохаме ма яц, даьхнина, сийлаллина а тІехь сутара волу стаг шен динна бохаме хиларал».** *Тирмизи.*

**7. БІаьрмециг велахь;**

Вай лакхахь хьахийна сутаралла бахьана долуш шайтІано стаг бІаьрмецигалле верзаво. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахІа Шен комаьршаллах деллачунна тІехь бІаьрмециг болчарна** (шайн даьхни тІера закат ца луш) **ма моьттийла, и шайна дика ду. Бакъду, и царна вуон ду, и цара кхоийнарг** (закат ца луш) **къематдийнахь церан вортанах хьарчор ду».** *«Алу Іимран», 180.*

**8. Кура велахь;**

Кура стаг – иза жехІил стаг ву. Ша стенах схьаваьлла а, велча шех хІун хир ю а хууш хилча, ша санна болчу лешна хьалха кура хир вацара иза. Веза-Сийлахьчу Дала омра дина вайга Шен Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Хьо ма лела лаьтта тІехула куралла еш, баккъалла а, ахьа лаьттана чекх Іуьрг доккхур дац, я хьо лаьмнийн локхалле а кхочур ма вац».** *«Аль-Исраъ», 37.*

**9. Стагана ша хестор дезахь;**

Абу Муса аль-АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хезира къонахчо чураваьлла (тIехваьлла) къонах хестош, тIаккха цо элира: **«ХIаллакви аш иза** (я къонахчун букъ кагби аш)**».** *Бухари, Муслим.*

Абу Бакратан кIанта Iабдуррохьмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уллохь цхьана стага юьхь-дуьхьал стаг хастийра, аьлла. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дакъаза ма вала хьо, хьайн накъостан ворта хадий-кх ахь».** Цул тIаьхьа цо элира: «**Цаваьллачу денна аш цхьамма шен ваша хаставахь, иза иштта ву аьлла шена хетахь, цо олийла: хьанех ишта-ишта хета суна, АллахIна хьалха цхьа а цIан ца во ас, АллахIехь ду цуьнан хьесап дар».** *Бухари.*

**10. МоттаргIанаш лелош велахь;**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шуна бохам барна со гуттар чIогIа кхоьрург - жима ширк ду».** Шега, жима ширк хIун ду, хаьттича, цо жоп делира: **«Иза моттаргIа ю»**, – аьлла. Веза-Сийлахьчу АллахIа Ша хьесап дечу доккхачу дийнахь эр ду: **«Шаьш моттаргIанаш лелийначу нахана тIе а гIой, цаьргара шайна цхьа дика болх хуьлий хьовса».** *Ахьмад.*

Кхузахь ала догIу, моттаргIа хиларна кхерам тосий, шайтIано стаг дикачу Iамалех воккху. Масала, дехха ламаз дар, сужданехь вахвалар… Стеган ниййат Делан дуьхьа хилчхьана, моттаргIанаш генаевр ю цунна.

**11. Стаг шех дозалла деш велахь;**

И бохург – стагана шегара ниIмат (и шена делла волу АллахI вицвеш) доккха хетар, цу ниIматах сов тIех догтешна хилар а ду. Цхьаверг хуьлу, ша дечу Iибадатех дозалла деш. Ткъа цунна ма ца хаьа, шен Iамал къобал хир ю я яц.

Ибн Абу Мулайката (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Суна вевзинера ткъе итт асхьаб. Царах хIора а ша-ша моттаргIанаш лелорна кхоьруш вара».** *Бухари.*

Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла-кх: **«Баккъалла, хьан тоба къобал хиларх ду хьуна, хьайн къа хIун ду хаар; хьан Iамал дика хиларх**

**ду, ахь цунах дозалла ца дар; хьайн кхачамбацарш хаарх ду, ахь Далла шукра дар даггара хилар».**

**12. ДегIан лаамашна каравахaнехь;**

Оцу балхо стеган хьекъал талхадой, иза нийсо, харцо ца къасталучу хьоле воккху. Хьасана Аль-Басрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Уггар деза джихIад - шен дегIан лаамашна дуьхьал деш дерг ду».**

**13. Стагах лаьцна вон ойла елахь;**

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, Дала хьарам дина бусалба стеган цIий, сий, цунах вуон ойла хилар а».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIора бусалба стаг шена хьарам долуш ву бусалба стеган цIий а, цуьнан даьхни а, цуьнан сий а».** *Муслим.*

**14. Бусалба стагана ша летош долу къинош кIезиг хетахь;**

Кегий къинош леточу стеган лерехь шайтIано: **«Ахь латийна къа жима ма ду, ахь и латийча а хIумма ма дац»,** – бохуш, и стаг кегий къинош лето марзво. Цул тIаьхьа и стаг, верзо-ош, царел даккхийчу къиношка верзаво. Абу ХIурайратера (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делан лено цхьа къа латийча, цуьнан даг тIе Iаьржа тIадам хIутту. Къинойх вухаваьлла, цо гечдар дехахь, и тIадам дIаболу. Къиношка верзахь, тIадам боккха хила болало, тIаьххьара а – дерриг дог дIалоцу цуо».** *Тирмизи.*

**15. Бусалба стаг цавезаш, цунах цавешаш велахь;**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах,** (шух цхьаболу) **нах кхарда ма кхардийла вукхарах, уьш царел дика хила герга ду** (Далла гергахь)**, зударий ма кхардийла кхиболчу зударех, уьш хила герга ду царел дика** (Далла гергахь)**, вовшийн сакхташ ма леха аш, вовшашна ца еза цIерш ма тахкийла аш, ма вуон цIе ю ийман**

**диллинчул тӀаьхьа фасикъ** (Далла муьтӀахь хиларх дӀаваьлларг) **бохург. Оцу балхана дохко а бевлла, тоба цадинарш – уьш бу-кх зуламхой».** *«Аль-Хьужурат», 11.*

**16. Стагана, ша муьлхха къа латийча а, АллахӀа шена гечдийр ду моттахь;**

ХӀокху хӀилланца шайтӀано стаг Ӏехаво: **«АллахӀа Шен Къуръана чохь хьаха ма-дарра, Иза гечдеш, къинхетам беш ву хьуна, ахь хӀуъа дича а»**, – олий. Цунах теший, шена тӀедехкина фарзаш дӀатетта волало и стаг, суннаташ дуьту цо, хьарам некъаш лело а волало. Оцу хьолехь волуш, цӀеххьана йогӀий, Ӏожалло дӀаоьцу стаг. Дала Ӏалашдойла вай цу кепара тиладеллачу кхалхарх! Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьехам бира, и саннарг суна цкъа а хезна боцуш, цо элира: **«Суна хууш дерг шуна хаьахьара, ма кӀезиг доьлур дара шу, ма дукха доьлхур дара шу».** ТӀаккха Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаш шайн яххьаш дӀахьулйина, доггах билхира». *Бухари, Муслим.*

**17. Делан къинхетамах дог диллинехь;**

ХӀара болх чӀогӀа кхераме бу адамана. ШайтӀано стаг тилаво, хьан къинош сов дукха ду, царах цӀанвала хьуна хьайн оьмар тоьар яц, олий. Цундела хьой валлалц хьайна ма-луъу даа дуьне олий, Ӏехавой, шен лай во цуо стагах. Бусалба вежарий, йижарий, ма Ӏехадайта шаьш оцу Делан мостагӀе. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала: «ХӀай шайн догӀмаш зен дайинарш** (къинош летийнарш)**, АллахӀан къинхетамах дог ма дилла аш. Баккъалла а, АллахӀа гечдо дерриге а къиношна. Баккъалла а, Иза – гечдеш верг а, къинхетаме верг а ву».** *«Аз-Зумар», 53.*

**18. Адам чӀогӀа кхераделча;**

Кхеравеллачо **«Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ** (АллахӀ воцург, кхин дела вац)**»** ала деза.

## 2. Бозбуунчалла

Іарбийн маттахь бозбуунчаллах сихьр олу, и бозбуунчалла лелочух сахьир олу. Сихьр бохучу дешан маьІна – харцдерг бакъдолчу суьртахь гайтар бохург ду. ШариІато оцу бозбуунчалла лелорах – шеддаш бар, я дешнаш яздар, я дешнаш дІаалар, я харц жайнаш дахар, я кхидолу адамана зен хир долу хІуманаш лелор, олу.

**Сихьр хиларан делил:**

Сихьр наха лелош ду, Дала иза хьарам дина долушшехь. Цуьнан бух бу Къуръанан хІара аят. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Сулаймана керсталла ца дина** (бозбуунчалла лелош)**, амма шайтІанаша дина керсталла, шаьш нахана бозбуунчалла Іамош …»** *«Аль-Бакъарат», 102.*

**Сахьирах хІун зулам долу?**

Сахьиро дукха зуламаш до нахана, царах цхьадерш хІорш ду:

– Зуда, майра вовшех даккхар, вовшашца уьш гамбар;
– Стаг я зуда хьерадолучу хьоле даккхар;
– Бозбуунчалла а лелийна, адам цомгуш хилийтар;
– Стаг меттах кІезиг хьойтуш, мало йойтуш, даима корта лозуьйтуш, цхьа а болх бан дог ца догІучу хьоле ваккхар;
– Майрачун я зудчун агІорхьара доьзалхо цахилийтар;
– Вуон гІенаш гайтар, накъостий, гергарнаш цабезийтар;
– Зуда, майра цхьаьна метта цабовлийтар;
– Стагана кхин зуда (йоІ) езаялийтар;
– ЙоІ, маре ца йохуьйтуш, цІахь сецор.

**Сихьр лелоран шариІатехь долу хьукма а, иза лелорна догІу таІзар а**

Сихьр Дала хьарам дина ду, иза даккхийчу къинойх къа ду. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІаллакveш долчу ворхІ хІуманна генадовла шу».** Цара (асхьабаша) хаьттира: **«ХІай Делан Элча, муьлхарш ду уьш?»** Цо (Пайхамара) жоп делира: **«Делаца накъост лацар** (ширк)**, бозбуунчалла** (сихьр) **леладар, Дала хьарамдина долу дегІ дер - бакъо а йоцуш, риба** (процент) **яар а, буоберийн даьхни даар а, тІамехь**

**мостагІчух** (кхеравелла) **вадар а, оьзда болуш, ларлуш болчу бусалба зударшна тІехь харц цІе кхоллар а».** *Бухари, Муслим.*

Хьусойнан кІанта Іимрана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Вайх ма вац палтуьйсуш верг, и пал шена туьйсуьйтуш верг, хІума хаьа бохуш, нах лебеш верг, цунна тІелелаш верг, сихьр лелош верг, и леладе аьлла, цунна тІевахнарг а».** *Баззар.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХІума хаьа бохучу стагана я палтуьйсучунна тІе а вахана, цара дуьйцург бакъдинарг – Дала Мухьаммаде** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **доссийначунна куфр динарг ву».** *Муслим.*

**ХІун уьйр ю сихьран, сахьиран шайтІанашца?**

Дукхахьолахь, жин реза ца хуьлу цо бечу Дела реза воцчу балха тІехь сахьирна даца. Сахьиран барт шайтІанийн тхьамданашца хуьлу. Цу тхьамдано шайна юкъара уггар гІийла, ледара шайтІа дохуьйту цу сахьирна даца. Нагахь цу шайтІано ша бохург ца дахь, сахьиро цуьнан тхьамдане далхадо иза шена Іесадалар. Сахьир шайтІанан тхьамдина чІогІа хьестало, Делан метта и накъост лаьцна. Тхьамдано хазахеташ гІо до сахьирна, ша дахийтинчу шайтІанна бекхам бо, я кхин шайтІа дохуьйту цу сахьирна даца. Оцу бахьаница, сахьирна а, цуо дацош долчу шайтІанна а юкъахь цабезам, оьгІазло кхоллало. Цу шайтІано сахьиран доьзална, даьхнина зен до. Дукхахьолахь, и сахьир ша хьийзаво цо, шена хІун ду ца хууш: корта лозуьйту даима, наб йохайо, буса кхерамаш туьйсу...

**Бозбуунчас** (сахьиро) **жинна тІекхача хІун некъ бо?**

Жинна тІекхача сахьирна девзаш дуккха некъаш ду, цхьадерш вай кхузахь ца хьаххол оьзда а доцуш. И дерриг некъаш цхьа Іалашо йолуш ду – сахьире ширк (Делаца накъост лацар), куфр дайтина, иза Далла генаваккхар.

**Бозбуунчалла** (сихьр) **Іамо мегар дуй шена хаархьама я цуьнца болх бархьама а?**

Мегар дац. Хьафиз ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «ХIарут, Марут бохучу шина маликех лаьцна долчу Къурьанан аято гойту вайна, сихьр хьарам хилар. «Аль-Бакъарат» сурата чохь далийна цаьршиннах лаьцна: **«Баккъалла а, тхойшиъ питана ду шуна, куфр ма делаш».**

Ибн Къайим Джавзис аьлла: «Сихьр дIадаккхар шина кепара ду:

1. Цхьа сихьр дIадоккхуш, кхин сихьр лелор. Иза шайтIанан болх бу.
2. Къуръанан аяташ дешарций, доIанаш дарций сихьр дIадаккхар – иза динехь магийна ду».

**Сихьр дIадоккхуш дарба лелош волчунна билгалбина бехкамаш бу:**

– Делан дуьхьа цIена ниййат хилар;
– Доьшучу Къуръанан аяташа жинаш дIадохур ду аьлла, догтешна хилар;
– ШайтIанах цакхерар, цуьнан мекарлонаш, Дала ма-баххара, гIийла юй хаар;
– ГIоли Делера юй хаар;
– Цомгаш волчун сакхталлаш къайлехь йитар;
– Жинаша а, шайтIано а лелориг девзаш хилар.

Шеко йоцуш ду, и дарба лелош верг ламаз-марха долуш, хьарам хIуманна генаваьлла стаг хила везаш хилар. ХIусамнана йолуш иза хилар къаьсттина бегIийла ду.

**ХIун дан деза бусалба стага, сихьрах ларвалархьама?**

Бусалба стаг сихьрах ларваларан болх шина бIогIамна тIехь бу: Дела хьехорна а, зуькар, доIий дарна а. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а къам мажлисехь охьахиъна ма дац, Веза-Сийлахь волу АллахI ца хьахош я шайн Пайхамарна салават ца дуьллуш, царна иэшам хиллий бен. Шена лаахь, Цо Iазап лур ду царна; Шена лаахь, Цо гечдийр ду царна».** *Тирмизи.*

Сийлахьчу Къуръана чохь деза доIанаш-аяташ ду, уьш дешаро гIо дийр ду стагана сихьрах ларвала:

**– «Роббана́ золамна́ анфусана́ ва ил-лам тагIфир лана́ ва тархьамна́ ланаку́нанна миналь-хо́сири́н** (Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догIмашна;

Ахь тхуна геч ца дахь, тхох къинхетам а ца бахь, баккъалла а, тхо хир ма ду эшначарах)**».** *«Аль-АIраф», 23.*

**– «Робби аIу́зу бика мин хIамаза́тиш-шайа́тIи́ни. Ва аIузу бика робби ай-йахьдуру́н** (ХIай сан Дела, Хьоьца ларло со шайтIанаша дагатуьйсучу вуонах. Хьоьца ларло со, сан Дела, уьш сайна гергадахкарх)**».** *«Аль-Муъминун», 97-98.*

**– «РоббанагIфир ли́ ва лива́лидаййа ва лиль-муъмини́на йавма йакъу́муль-хьиса́б** (ХIай тхан Дела, хьесапдечу дийнахь суна, сан дена-нанна, муъмин нахана а гечдехьа)**».** *«ИброхIим», 41.*

Уьш доцурш а ду Къуръана чохь доIин маьIнехь даьхкина аяташ. Къуръанан аяташ Iарбийн маттахь дешча деза ду. Iарбийн маттахь деша ца хаахь, хуучуьнга хьалхара доьшуьйтуш деша, ткъа шена тIаьхьара аяташ нийса деша Iамор гIолехь дерг ду. Комаьршачу АллахIна хазахета Шен лай доIанца Шега кхайкхича. Салмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахь волу шун Дела Комаьрша ву; стага шен ши куьг** (доIа деш) **хьалаайбича, Цо и шиъ, жоп ца луш, даьсса ца дуьту».** *Абу Давуд.*

**ШайтIанех, сихьрах ларвеш дуьхьалонаш юй?**

Къинхетамечо, вайна аьттонна, Шен Элчанехула (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йийцина вайна уьш:

1) ДIа мел доладо хIума «Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м» аьлла доладар;

2) ЦIеначу ниййатца, доггах, ша еш йолу Iамал Делан дуьхьа хилийтар; Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (иблисо) **элира: «Сан Дела, Ахь со тилорна, ас царна хаздийр ма ду латтта тIехь** (Iеса мел дерг)**, аса тилор ма бу уьш берриге а, царах Хьан догцIена леш боцурш».** *«Аль-Хьижр», 39-40.*

3) Цхьана АллахIна бен Iибадат ца дар;

4) Даима жамIатехь хилар, ша цхьаъ цависар;

СиӀид ибн Мусаййиба (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ШайтӀано, гатвой, хьовзаво стаг ша цхьаъ хилча а, шиъ цхьаьна хилча а. Амма кхоъ цхьаьна хилча, уьш ца хьийзало цуьнга».** *Малик.*

5) ЖамӀатехь дечу ламазна тӀаьхьавазар;

Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Кхо стаг хир ма вац юьртахь я аренахь, шайна юккъехь жамӀатехь ламаз ца хӀоттош, шайтӀано царна тӀехь толам боккхуш а бен. ТӀаккха шун декхар ду жамӀатехь хилар, баккъалла а, барзо жанах генабаьлла дӀакъаьстинарг буу».** *Абу Давуд.*

6) Ӏилманций, Ӏамалций а Къуръанна а, Суннатна тӀаьхьавазар;

7) Ял алсам йолу Ӏамал совъяккхар;

8) ШайтӀанах ларваларехь АллахӀера гӀо лахар;

Шайтано хьайна новкъарло йо аьлла хеттачохь, **«АӀýзу билла́хӀи минашшайтӀóнирроджи́м** (АллахӀца ларло со, Дала Шен къинхетамна генадаькkхинчу шайтӀанах)» ала деза.

9) Ламаз карахь латтадар;

Сихьр дийр дац шух, Дала мукъалахь, ламаз карахь долчунна. Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХӀара шайн догӀмаш цӀанделаш, Дала шу цӀандойла. Баккъалла а, ламаз эцна волуш охьавижина волу Делан лай ма вац, шен дегӀа тӀерачу бедарца малик долуш а бен. Буьйсанна цхьа сахьт а ма ца долу, малико, «я АллахӀ, гечделахь Хьайн лена, иза цӀена а волуш охьавижина ву», – ца олуш».** *ТӀабарани.*

10) Буьйса юкъал тӀехъяьлча хьалагӀоттуш, Далла Ӏамал яр;

11) Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Iуьйранна, меца а волуш, Iажва олу ворхI хурма йиъначунна дIаьвшах я сихьрах зен хир дац».** *Бухари.*

12) ДIавижале хьалха Аятуль-курсий дешар;

Абу ХIурайрате (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла-кх шайтIано: **«ДIавижале Аятуль-курсий дешнарг, Дала Iалашвеш ву, сахиллалц цунна герга шайтIа догIур дац».** *Бухари.*

13) Шайн цIахь дуьззина «Аль-Бакъарат» сурат дешар;

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шайн цIенойх кешнаш ма делаш, баккъалла а, шена чохь «Аль-Бакъарат» сурат доьшучу цIа чу шайтIа догIур дац».** *Ахьмад, Муслим.*

14) ХIора маьркIажа ламазал тIаьхьа хIара аяташ дешар:

– «Аль-Бакъарат» сурата чуьра хьалхара пхи аят;
– «Аятуль-курсий» а, цул тIаьхьара ши аят;
– «Аль-Бакъарат» сурат чуьра тIаьххьара кхо аят.

И аяташ дешнарг цу буса жинех а, сихьрах ларвийр ву Дала.

15) Сарахь, Iуьйранна кхузза «Аль-Ихлас», «Аль-Фалакъ», «Ан-Нас» сураташ дешар;

И сураташ дешнарг Дала массо вочу хIуманах ларвийр ву.

16) IиндагIна, малхана юккъе охьацахийшар;

Хьадисехь деана, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ца магийра стагана малхана, IиндагIна юккъе охьахаа, аьлла. Цо элира: **«Иза шайтIа охьахуу меттиг ю».** *Ахьмад.*

17) Стеган, зудчун цхьаьна дахаран мур жамIатехь дечу ламазца дIаболабар;

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Дуьххьарлерчу буса хьайн нускал долчу вахча, иза хьайна тIаьхьа хIоттадай, жамIатехь ши ракаIат суннат ламаз дай, ахь хIара доIа де: «Я АллахI, сан доьзалх суна**

**беркат дехьа, сан доьзална сох а дехьа беркат. Тхан вовшахкхетар диканна хилийтахь, дӀасакъастар нислахь – иза а хилийта Ахь диканна».** *ТӀабарани.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьамма шен зудчух кхетале, аьлча: «Бисмилла́хI, Алло́хIумма жаннибнаш-шайтIо́на ва жаннибиш-шайтIо́на ма́ розакътана́** (АллахIан цIарца, хIай АллахI, тхо шайтIанах гена дахахьа, Ахьа шайтIа а гена даккхахьа Айхьа тхуна лурдолчух (берах)**», тIаккха цаьршиннан доьзалхо хилахь, цунна шайтIано зен дийр дац».** *Бухари, Муслим.*

ХIара болх бу шуна, бусалба вежарий, йижарий а, аш цIеначу ниййатца, шайн ницкъ кхочучу барамехь кхочушбахь, шу шайтIанан мекарлонех, сихьран баланех хьалхадоху берг. Дика хууш верг АллахI ву, Цунна хастам а бу!